



Dwa pou Enfòmasyon Sante Rete Sekrè

Dwa ou yo

Ou gen dwa pou:

- Jwenn yon kopi dosye papye oswa dosye elektwonik ou an
- Korije dosye papye oswa dosye elektwonik ou an
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande nou pou limite enfòmasyon nou bay lòt moun
- Jwenn yon lis tout moun nou te bay enfòmasyon yo
- Jwenn yon kopi avi sou pwoteksyon enfòmasyon prive sa a
- Chwazi yon moun pou aji pou ou
- Depoze yon plent si ou panse yo pa t respekte dwa pou yo kenbe enfòmasyon prive ou yo sekre

Chwa ou kapab fè yo

Ou kapab fè sèten chwa nan fason nou itilize ak nou pataje enfòmasyon yo, lè nou:

- Esplike fanmi ak zanmi ou ki pwoblèm sante ou genyen
- Bay sèvis entèvansyon apre yon dezaz
- Mete non ou nan yon rejis lopital
- Ba ou swen sante mantal
- Komèsyalize sèvis nou yo
- Kolekte lajan

Jan nou itilize ak Devwale Enfòmasyon ou yo

Nou gendwa itilize epi pataje enfòmasyon ou yo lè nou:

- Ba ou swen
- Jere òganizasyon nou an
- Faktire pou sèvs ou resevwa yo
- Ede avèk pwoblèm sante ak sekirite piblik
- Fè rechèch
- Respekte lalwa
- Reponn demann don ògann ak tisi
- Travay ak yon medsen lejis oswa yon direktè ponp finèb
- Travay sou demann pou konpansasyon travayè, demann lapolis prezante oswa nenpòt lòt demann leta prezante
- Reponn lè gen pwochè ak lòt pouwit devan lajistis
- Pase kontra ak asosye komèsyal

Dwa pou Enfòmasyon Sante ou Rete Sekrè (Your Health Information Privacy Rights) disponib tou nan lang Angle, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Panyòl ak Ris sou sitwèb nou an nan tuftsmedicalcenter.org/rights. Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan dwa pou yo kenbe enfòmasyon prive sekre, ou kapab kontakte Depatman Pwoteksyon Enfòmasyon Prive nan 617-636-1203 oswa voye yon imèl bay hipaaquestions@tuftsmedicalcenter.org. Ou kapab kominike yon fason ki konfidansyèl ak san ou pa bezwen bay idantite ou nan nimewo gratis HIPAA Hotline nan 844-550-0008.